XALIQ DEPUTATLARI NO'KÍS QALASI KEŃESINIŃ SHESHIMI

XALQ DEPUTATLARI NUKUS SHAHAR KENGASHINING QARORI

No'kís qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 96 **Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 96**

2022 - yil 24 - mart VI-42-41-13-195-K/22 Nókis qalası hákimligi

Қаладағы географиялық объектлерге атама бериў ҳәм олардың атамаларын өзгертиў мәселелери ҳаққында

Өзбекстан Республикасының "Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында"ғы Нызамының 4-статьясы талапларына жуўап бермейтуғын географиялық объектлердиң атамаларын өзгертиў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Жергиликли халықтың тарийхый, миллий, этникалық, географиялық, мәмлекетлик тилине байланыслы ҳәм басқа да өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда көрип шығылып, усынылған Өзбекстан Республикасы "Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында"ғы Нызамының 4-статьясы талапларына жуўап бермейтуғын көшелердиң атамаларын өзгертиў бойынша усыныслар қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Қалалық статистика бөлимине усы шешимниң қосымшаға муўапық атамалары өзгертилетуғын географиялық объектлерди қайта дизимнен өткериў ўазыйпасы жүкленсин.

3. Қалалық ишки ислер органлары жумысларын муўапықластырыў басқармасына атамалары өзгерген орынлардағы халықтың паспортларына тийисли өзгертиўлерди киритиў ўазыйпасы жүкленсин.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң Билимлендириў, денсаўлықты сақлаў, мәденият, спорт ҳәм социаллық қорғаў мәселелери бойынша турақлы комиссия мәселелери турақлы комиссиясына жүкленсин.

5. Усы шешим «Пайтахт» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтына жайластырылсын.

6. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Keńes basliǵı **U.Panaev**

Xalq deputatlari Nókis shahar
Kengashining
2022 yil 24 martdagi
VI-42-41-13-195-K/22-son qaroriga
1-ilova

Қала аймағында Нызам талапларына жуўап бермейтуғын көшелердиң атларын өзгертиў ҳәм қайта атамаластырыў бойынша

УСЫНЫС

№	Көшениң ҳәзирги ўақыттағы атамасы	Өзгертилиўге усыныс етилип атырған көшениң жаңа атамасы	Географиялық объектлердиң түрлери	Аймақлық жайласқан орны
1	Кәраматлы	**Ағытай Адилов,** Өзбекстан Қаҳарманы, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер	Көше	«Алланияз Қаҳарман» МПЖ
2	Фердауси	**Кәримбай Худайбергенов**, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, ф.и.д.	Көше	«Тынышлық» МПЖ
3	Мүриўбетлик	**Сауқым Жаманкараев,** Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген ирригатор, техника илимлериниң докторы	Көше	«Алмазар» МПЖ
4	Гүжимтал	**Жолдасбай Суюнов**, Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген қурылысшы, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер	Көше	«Жолшылар» МПЖ
5	Зиялылар	**Бердимурат Панаев,** Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген қурылысшы, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер	Көше	«Алмазар» МПЖ
6	Таң жулдызы	**Алимбай Аманбаев,** Екинши дүнья жүзилик урысы қатнасыўшысы, урыс ҳәм мийнет ветераны, “Даңқ” ордени ийеси	Көше	«Шайырлар аўылы», «Сарбиназ», «Дослық», «Гулзар» МПЖлар
7	Сақаўат бағы	**Дәўлетмурат Сейтеков,** Екинши дүнья жүзилик урысы қатнасыўшысы, урыс ҳәм мийнет ветераны, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер	Көше	«Узын көл»
8	Оқыўшылар	**Уснатдин Бекманов,** Екинши дүнья жүзилик урысы қатнасыўшысы, урыс ҳәм мийнет ветераны, Қарақалпақстанға мийнети сиңген пахтакеш	Көше	«Қос-көл» МПЖ
9	25-киши район, жойбардағы көше	**Джумамурат Джиемуратов,** Екинши дүнья жүзилик урысы қатнасыўшысы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери	Көше	«Нур» МПЖ
10	Ата журт	**Расберген Реймов,** биология илимлериниң докторы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, эколог алым	Көше	«Ата мәкан» МПЖ

11	Дәўлет бақсы, Дәўлет бақсы өткели, Дәўлет бақсы туйық	**Амин Бахиев,** ӨзР Илимлер Академиясының академиги, биология илимлериниң докторы, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери	Көше	«Ҳаўа жолы» МПЖ
12	Ержан атаў	**Хусниддин Хамидов,** ӨзР Илимлер Академиясының академиги, филология илимлериниң докторы, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери	Көше	«Қумаўыл» МПЖ